

Deklarasyon sou Enpak Ekite : Kontra Siveyan Bis yo (« Monitor » Bis yo) :

Tit la : Akò Pwovizwa Sendika United Steelworkers Local 2936

Dat la : 18 janvyè, 2023

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ? Wi Non

Si repons lan se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a isit : _Pa aplikab _____

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònman
<p>1. Pwopozisyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon an a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo reflekte idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun multileng [ki pale plizyè lang], epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Espesyal) ?</i></p>	<p>Lekòl Piblik Boston (BPS) ak sendika « United Steelworkers », Lokal 2936 (Siveyan Bis yo « Monitor » Bis yo) te negosye e atenn de (2) Momrandòm Akò (« MOA ») ke yo te dakò sou yo, ke manm sendika a te ratifye jou 17 desanm, 2022. N ap soumèt akò yo – youn pou dezan ak youn pou twazan – bay Komite Skolè a pou l bay apwobasyon li.</p> <p>Youn nan pi gwo defi Depatman Transpòtasyon Lekòl Piblik Boston se mank siveyan bis (« monitor » bis), etandone ke sa gen yon enpak negatif sou aksè a edikasyon pou elèv sila yo ki gen bezwen espesyal. Avèk ogmantasyon salè, benefis, ak bonis akò sa a bay, nou espere prezève mendèv aktyèl nou an pi byen, atire plis kandida, e fòme siveyan nou yo nan yon fason ki pi efikas.</p> <p>Se ekip lidèchip Transpòtasyon an ak Biwo Relasyon Travay la ki te dirije travay sa a. Gwoup sa a reprezante demografik rasyal ak divès lòt demografik kominote Lekòl Piblik Boston an (BPS).</p>
<p>2. Amoni ak Plan Stratejik la <i>Se kòman pwopozisyon an aliye avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>Plan stratejik distri a santre sou eliminasyon mankman nan opòtinite ak sou avansman ekite edikasyonèl. Avèk ogmantasyon konpansasyon pou siveyan bis yo (« monitor » yo), pwopozisyon sa a va rezoud yon obstak kle ki anpeche transpòtasyon ale-retou lekòl fèt an sekirite pou elèv sila yo ki gen bezwen espesyal.</p>
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Siveyan bis yo touche, an mwayèn, anviwon 18.000\$ pa ane anba kontra presedan an. Plis pase 90% mendèv siveyan an se moun koulè yo ye. Pliske nou konnen ke sa pa yon salè adekwat ke yo kapab viv de li, nou te fè rechèch sou echèl salè nan plizyè lòt distri ki konparab a distri pa nou an, e avanse pwopozisyon aktyèl la ki gen ladan l yon salè ki pi wo selon yon peman pa è, plis konje, ak bonis pou anboche anplwaye e mentni anbochaj yo.</p>
<p>4. Angajman Pati Entereze yo <i>Kilès ki te angaje (kantite a, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Fanmi elèv ki gen bezwen espesyal yo, defansè yo, ak manm kominote yo, arive eksprime nesosite ki genyen pou n ranpli tout pòs vid siveyan bis yo e prezève mendèv bis nou an. Nou kwè kontra sa a ki pwopoze a va ede atenn objektif esansyèl sa a.</p>
<p>5. Strateji Ekite Rasyal <i>Se kòman pwopozisyon sa a sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ?</i></p>	<p>Nan konvèti siveyan yo a yon to salè pa è, olye de pa trajè, Lekòl Piblik Boston va konpanse yo pou tout tan ke yo fè ap kondui bis yo, k ap enkli nenpòt delè ki genyen akòz blokis, divès ensidan k ap pase andedan bis yo, elatriye. Kapab gen divès konsekan inatandi ki rive pandan lè relè yo ; sepandan, Lekòl Piblik Boston detèmine pou l teste e kontinyèlman amelyore apwòch nou pou asire ke sa mache kòm previ (jan n te gen</p>

<p><i>Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplemantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>entansyon pou l mache a). Yon garanti minimòm de 1,4 èdtan pou chak relèv (chak « shift ») siveyan yo travay va pwoteje yo kont posibilite konpansasyon redui pou sila yo ki sèlman travay yon sèl trajè pa relèv (pa shift).</p>
<p>6 Bidjè ak Enplemantasyon <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki divès idantite gwoup ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<p>Antou, tèm kontra senkan an ap koute anviwon 10.129.561\$. Ni pandan enplemantasyon an, ni aprè, ekip Transpòtasyon an ap asire ke siveyan yo touche selon jan sa dekri nan akò a.</p> <p>Depatman Transpòtasyon an ak Biwo Kapital Imen an (Biwo Resous Imen an) ap responsab pou yo mete sa sou pye. Divès idantite gwoup ekip nou yo ap reprezante kominote Lekòl Piblik Boston an (BPS) ak mendèv siveyan n yo.</p>
<p>7. Kontrandi ak Kominikasyon <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati entereze yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Ekip Transpòtasyon an ap kontinye evalye enpak finansye akò a, ak fason li afekte efò sila yo k ap fèt parapò a anbochaj ak retansyon (prezèvasyon anplwaye yo).</p> <p>Depatman Transpòtasyon an pran angajman pou l kontinyèlman evalye enpak enplemantasyon an pou asire li abouti a yon ogmantasyon nan salè pa è a.</p>